

Chè fanmi,

Mwen kontakte w pou m reafime angajman mwen anvè oumenm ak timoun ou yo. Tanpri sonje Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) pran angajman pou pwoteje dwa chak elèv ki nan lekòl leta, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo, peyi yo soti oswa relijyon yo. Règleman nou yo rete menm jan an, epi mwen ankouraje w kontinye voye timoun ou yo lekòl.

Kòm ou ka konnen, NYCPS pa mande ni suiv estati imigrasyon ni estati azil fanmi. Ajan anfòsman lalwa ki soti lòt kote pap gen aksè nan bilding lekòl ni nan dosye elèv; amwenske sa obligatwa dapre lalwa, epi sèlman apre fin gen pale avèk avoka NYCPS. Si yon ajan imigasyon ak anfòsman ladwàn US (U.S. Immigration and Customs Enforcement) ak lòt ajan pou anfòsman lalwa ki soti lòt kote eseye antre nan bilding lekòl la oswa mande enfòmasyon, estaf lekòl nou an konnen pou yo kontakte avoka nou yo.

Depi janvyè, nou te fòme plizyè milye manm estaf nou yo—ladan direktè, kowòdonatè paran, ajan sekirite lekòl, konseye pedagogik, travayè sosyal, ak plis ankò—sou règleman ak pwosedi nou yo. N ap kontinye asire estaf nou yo gen tout enfòmasyon epi yo prepare. N ap travay tou avèk patnè kominotè yo pou bay sesyon fòmasyon “Konnen dwa w” pou fanmi nan plizyè lang. Pou plis enfòmasyon ale sou [schools.nyc.gov/ProjectOpenArms](https://schools.nyc.gov/ProjectOpenArms). Fanmi ki gen kesyon sou règleman federal yo ka rele nan nimewo telefòn pou sipò legal Biwo afè imigran majistra a (Mayor’s Office of Immigrant Affairs, MOIA) 1-800-354-0365.

N ap kontinye mete fanmi nou yo ak kominote lekòl nou an ajou jan sa nesesè. Pou asire ou resevwa nouvèl enpòtan ki soti nan NYCPS, tanpri asire w ou te aktive Kont Lekòl NYC ou a ([schools.nyc.gov/NYCSA](https://schools.nyc.gov/NYCSA)), epi enfòmasyon pou yo kontakte w yo ajou. Ou kapab fè lekòl pitit ou a konnen tou nouvo enfòmasyon yo.

Mwen konnen ki jan li enpòtan pou lekòl nou yo se kote ki ansekirite pou timoun nou yo; lekòl se te kote ansekirite sa a pou mwen lè m te piti. Divèsite NYCPS se youn nan pi gwo fòs nou yo, epi mwen pran angajman pou kenbe yon kominote kote tout elèv ka aprann ak pwospere.

Nan kolaborasyon,



Melissa Aviles-Ramos  
Chanselye